

Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya
Acheveche
Pòtoprens
Tel 515 4674

nan kolaborasyon ak

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tél 2943 0079
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan *Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince*

3 mwa :
Janvyè – fevriye – mas 2008

Rapò 26 Rapport

Pòtoprens, 21 avril 2008

Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo:

Mèt René Magloire, Minis Lajistis

M. Mario Andrésol, Direktè Lapolis Nasyonal

M. Fritz Jean, Enspektè Jeneral Anchèf Lapolis Nasyonal

Mèt Claudy Gasant, Komisè Gouvènman nan Pòtoprens

M. Frantz Lerebours, Pòt pawòl Lapolis Nasyonal

M. Youri Latortue, Prezidan Komisyon Jistis ak Sekirite nan Sena Repiblik la

M. Antoine René Samson, Prezidan Komisyon Dwa Moun Sena

Kopi: M. René Garcia Préval, Prezidan

M. Jacques Edouard Alexis, Premye Minis

Mesye,

Otorite sivil ak polisyè,

Komisyon Jistis ak Lapè nan Achidyosèz Pòtoprens ansanm ak Sekretarya Komisyon nasyonal la salye n ak anpil respè.

Ak lèt tou louvri sila a, Komisyon an prezante n 26yèm rapò l sou vyolans k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan, depi l kòmanse obsèvasyon sila a nan mwa jen 2002. Rapò sa a kouvri peryòd janvyè rive mas 2008. Komisyon an toujou chwazi yon kritè senp pou fè obsèvasyon sila a : se **moun ki mouri anba vyolans nan kapital la**. Nou te konsilte laprès, nou te koute divès moun ki pote enfòmasyon ba nou, epitou nou fè pwòp obsèvasyon pa nou. Pou dènye rapò n yo, nou jwenn konkou Lopital jeneral la ak PNH la ki ede n verifeye epi konplete yon seri enfòmasyon. Nou kontan remèsye yo pou kolaborasyon sa.

Ak tout sa, nou rekonèt limit rapò nou an genyen. Reyalite a toujou depase sa ki ekri nan rapò sila a. *Nou fè travay sila a pou fè otorite yo ak tout sitwayen ak sitwayèn peyi a pran konsyans sou reyalite vyolans ki genyen nan peyi a pi plis, paske se li menm ki pi gwo lènmi byen viv ansanm nan sosyete nou an. Epitou, chak moun ki mouri merite pou yo kenbe memwa li si posib. Diyite l kòm moun mande sa.*

Men ki jan sa te ye nan mwa ki sòt pase yo :

Mwa janvyè 2008 : te genyen 41 viktim vyolans ; pami yo 20 moun mouri ak bal ; 20 mouri nan aksidan machin.

Mwa fevriye te genyen 43 viktim ; pami yo 17 mouri ak bal ; 20 mouri nan aksidan machin.

Mwa mas te genyen 19 viktim; pami yo 14 nan yo mouri ak bal ; 2 nan aksidan.

Men ki sa k atire atansyon n

	Mwa janvye 41 viktim	Mwa fevriye 43 viktim	Mwa mas 19 viktim
1. Sou idantite viktim yo : Polis ak ajan sekirite ki viktim	1 polisye	-	-
Fanm ak timoun ki viktim	6 fanm / 3 timoun	13 fanm / 1 timoun	5 fanm
Viktim yo pa konnen kilès yo ye	1	-	-
2. Sou lakòz lanmò yo : Moun ki mouri ak bal	20	17	14
Moun ki mouri ak bal lapolis/ Ministah	-	-	-
Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	1	2	-
Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	-	2	-
Viktim afwontman ant gang	-	-	-
Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	19	13	14
Moun ki touye tèt yo	-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt	1	6	2
Moun ki mouri nan aksidan	20	20	2
Moun ki mouri nan move tan	-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen	-	-	-
3. Sou kèk katye : Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino	1	-	-
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè	1	4	-
Zòn Kafou	-	-	-
Gran Ravin ak Matisan	-	2	-
Petyonvil, wout Frè	1	5	2
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital	17	12	7
4. Sou kèk lòt sikonstans: Moun ki mouri sou etikèt vòlò	-	-	1
Etikèt kidnapè/bandi	-	3	-

Kèk remak sou vyolans k ap fèt la

Vyolans ak zam toujou ap kontinye.

Gen moun ki mouri ak bal: 51 sou 103 viktim, oswa 49,5 %.

Gen sa k viktim epi ki mouri ak zam blanch. Konsa tou, anpil moun te blese nan epòk kanaval la.

Gen sa k viktim lòt vyolans tankou kidnapin ak vyòl. Plizyè òganizasyon te leve vwa yo ansanm pou denonse silans otorite ak mank detèminasyon yo nan lit kont kidnapin. Jilap te nan mitan yo.

Nan mwa sa yo toujou, nou konstate genyen anpil aksidan machin; 42 moun mouri anba vyolans sila a. Nou konsidere l tankou yon vre vyolans ak mank respè pou lavi moun, paske anpil aksidan gen tan fèt poutèt neglijan lakay chofè, mèt machin yo ; ak otorite yo ki reskonsab nan kesyon sekirite ki dwe genyen nan trafik machin.

Nan fason moun fè vyolans sou moun, gen bagay ki enkyete n.

- Anpil agresivite mache ansanm ak lavichè, ak difikilte lavi e chomaj jèn yo. Konsa, yo fè òldòp, piye e dechepye moun nan kamyonèt, fouye moun, yo fè tout kalite presyon sou moun... jan sa fèt sou Gran Ri, nan zòn Matisan ak plas Sentàn. Konsta sa a vin ogmante chak jou kote lapolis pa prezan, tankou anba lavil ak Kwadbosal.
- Tout deklarasyon dwat e gòch otorite yo ap fè sou lavichè ak sou vyolans, konn plis sèvi kòm eskiz pou vyolans kontinye ap fèt, pase li kalme lespri moun yo. Pawòl otorite pale, konn fè moun kwè yo pa pran reskonsablite yo vre, pa gen yon plan ki montre yon volonte politik. Pito otorite yo pran bonjan mezi pase yo dekouraje popilasyon an.
- Jilap denonse epi li konbat detansyon pwolonje. Li mete men pou ede e asiste moun ki viktim li. Men otorite yo pa ka konbat detansyon pwolonje nenpòt jan. Detansyon pwolonje pa dwe sèvi yon eskiz pou lage kriminel sou baz kèk detay ki manke nan dosye yo, oswa pou koripsyon ak lajan.
- Depi lontan, nou pa tande pale sou dezameman ankò. Eske se sèlman kèk santèn zam ki te gaye nan men tout kalite gwoup ki te gen zam nan men yo ?

Men kèk pwopozisyon ak rekòmandasyon Jilap repete :

1. Otorite yo dwe genyen yon konpòtman ak langaj ki reskonsab, ki montre yo vle jere gwo pwoblèm popilasyon an vre. Lavichè mande mezi konkrè.
2. Dwe genyen yon vre estrateji ak yon politik nasyonal pou lite kont lavichè ak kont enskirite ki pa rete nan gwo dokiman, men ki pote rezilta nan lavi popilasyon an menm. *Nan mwa fevriye 2008 Komisyon an te pibliye yon nòt sou sa.*
3. Plis jefò dwe fèt pou jèn e menm pou timoun yo, paske yo fasil ka itilize yo nan move zak. Twòp jèn gason ak fi pa gen travay pou sèvi ak talan e kapasite yo pou konstwi peyi a.
4. Sitiyasyon peyi a ki vin pi grav chak jou, fè n wè dwe genyen jistis sosyal. Sa vle di : dwe genyen ekilib ant sektè ak klas sosyal yo. Pou sa fèt, dwe gen respè pou dwa moun pòv yo tou. Fòk tout moun kapab viv kòrèk. Lamizè akote richès, gaspiyay ak koripsyon, se yon vyolans li ye nan limenm ; an menm tan li se yon sous fristrasyon ; menm si l pa dwe sèvi yon pretèks pou tout kalte zak vyolans ki pa abouti nan anyen.

5. Chak fwa yo lage moun ki nan prizon, nan kad mezi yo pran poutèt detansyon pwolonje a, dwe gen plis transparans.
6. Trafik la fè anpil viktim nan dènye mwa sa yo. Chofè dwe konnen yo reskonsab lavi lòt yo, yo reskonsab moun ki nan lari ak pasaje yo transpòte, yo reskonsab sekirite lòt sitwayen ak sitwayèn. Li lè li tan pou lapolis reprann zafè enspeksyon machin yo, kòm yon sèvis ki nesèsè pou sosyete a ; san magouy, moun pa ak koripsyon ; pa pou pran plis lajan toujou nan men yon popilasyon ki deja about.
7. Nou pa ka bliye pwoblèm ekoloji a. Jan n te esplikè deja, sezon lapli se yon menas pou popilasyon an si anyen pa fèt pou pwoteje sitou abitan katye popilè yo ki oswa nan mòn oswa bò lanmè kote tout dlo kapital la pase ak fòs.

Jou ki 3 avril, nou pa t kapab pa sonje agwonòm ak jounalis Jan Leyopòl Dominik ak gadyen I Jan Klod Lwisen. Lis enpinite a toujou rete lon. Lajistis pa bay prèv li vle konbat ensekirite ak enpinite. Genyen twòp pale anpil. Lapolis pa ka mande kolaborasyon popilasyon an pou an menm tan moun ki pote plent lan blije konstate okenn siyalman pa janm fèt ; moun yo arete yo pa pou anyen nan koze a ; epi moun ki koupab nan krim kontinye ap mache libelibè.

Pou fini, Komisyon Jistis ak Lapè yo ki nan zòn Pòtoprens salye yon lòt fwa tout jefò k ap fèt pou kreye yon klima sekirite nan peyi a, menm si yo timid toujou. Nou salye jefò Lapolis Nasyonal la ap fè. Nou salye sitou jefò ka p fèt anndan katye popilè yo, jefò gran sosyete a pa konnen, men ki ede sosyete a fè yon pa annavan. Men tout moun dwe konprann chimen an long toujou. Lit kont koripsyon ak enpinite, kont eksklizyon ak mete moun sou kote, lit pou lajistis ak verite blayi fenk kòmanse.

Pou Komite Direktè Jilap Achipo ak Jilap Nasyonal la.

Le texte créole est original

Messieurs les autorités civiles et policières,

La Commission Archidiocésaine Justice et Paix et le secrétariat de la Commission nationale vous saluent respectueusement.

Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente son 26^{ième} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine depuis qu'elle a commencé cette observation en juin 2002. Ce rapport couvre les mois de janvier à mars 2008. Nous choisissons un critère simple pour mesurer la violence: **le nombre de victimes mortelles de la violence à travers les rues de la zone métropolitaine**. Nous avons consulté la presse ; nous avons rencontré des témoins ; nous avons fait nos propres observations. Pour nos derniers rapports, nous avons bénéficié de la collaboration de l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haiti et de la Police Nationale ; ce qui nous a permis d'encore mieux vérifier et compléter certains informations. Nous les en remercions sincèrement.

Nous reconnaissons les limites de notre travail ; nous savons que la réalité dépasse les données ici recueillies. *Notre objectif est de sensibiliser les autorités et tous les citoyens et citoyennes sur la réalité du pays, parce que la violence constitue un handicap majeur pour construire une convivialité pacifique entre les citoyens. Ensuite, chaque victime mérite qu'on fasse mémoire de lui. Sa dignité humaine le demande.*

Voici le résumé de nos observations :

Au mois de janvier 2008, il y avait 41 victimes de la violence, dont 20 sont mortes par balles ; 20 suite à des accidents de voiture.

Au mois de février 2008, il avait 43 victimes, dont 17 sont mortes par balles ; 20 sont mortes suite à des accidents de voiture.

Au mois de mars 2008, il y avait 19 victimes, dont 14 par balles et 2 victimes d'accidents.

Voici les détails

	Mois de janvier 41 victimes	Mois de février 43 victimes	Mois de mars 19 victimes
1. Sur l'identité des victimes : Policiers et agents de sécurité	1 policier	-	-
Femmes et enfants	6 femmes / 3 enfants	13 femmes / 1 enfant	5 femmes
Victimes non identifiées	1	-	-
2. Sur la cause de mort			
Morts par balle	20	17	14
Morts par balle de la police / Minustah	-	-	-
Morts dans affrontement gang avec police / Minustah	1	2	-
Morts par balle par de gangs	-	2	-
Morts lors d'affrontement entre gangs	-	-	-
Morts par balle d'inconnus	19	13	14
Morts par suicide	-	-	-
Morts par arme blanche, couteau, roches, bâton	1	6	2
Morts accidentels	20	20	2
Environnement	-	-	-
Autres causes	-	-	-
3. Concernant certains quartiers			
Bel Air, Delmas 2 et 4, Fort National, Solino	1	-	-
La Saline, Cité Soleil, Cité militaire	1	4	-
Zone de Carrefour	-	-	-
Zone Matissant et de Grande Ravine	-	2	-

Route de Delmas et Pétion- ville	1	5	2
Zone inconnu / Hôpital général	17	12	7
4. Autres circonstances			
Morts pour accusation de vol	-	-	1
Accusation kidnappeur/bandit	-	3	-

Quelques remarques sur la violence

La violence armée continue toujours. 51 des 103 victimes, 49,5 %, sont mortes par balles.

Un nombre de victimes le sont par l'arme blanche. De la même façon, durant les festivités du carnaval (mois de février), bon nombre de personnes ont été blessées.

Autres formes de violences qui perdurent, sont le kidnapping et le viol. Un groupe d'organisations a levé la voix pour dénoncer le silence et le manque de détermination des autorités dans la lutte contre le kidnapping. Justice et Paix se trouve parmi les signataires.

Durant la même période, nous avons constaté le nombre croissant d'accidents de voiture : cette forme de violence tue beaucoup de gens. Nous considérons cette situation comme une vraie violence qui témoigne du manque de respect pour la vie des gens, parce que de nombreux accidents sont le résultat de la négligence des propriétaires des voitures et des autorités responsables qui n'interviennent pas dans les conditions sécuritaires liées au trafic routier.

Voici ce qui nous inquiète :

- Certains actes d'agressivité perpétrés sont le résultat de la cherté de la vie, de la difficulté de la vie et du chômage éprouvés par les jeunes. Ainsi il a des hold-up, des actes de pillage dans les camionnettes de transport public, des fouilles et des pressions exercées sur les gens... Des zones marquées sont la Grande Rue, la zone de Martissant et la place Ste Anne. En ces derniers jours le phénomène prend extension vers le bas de la ville et la Croix de Bassale ; la Police ne se montre pas présente.
- Des déclarations mal placées de la part des autorités sur la cherté de la vie et la violence, servent de prétexte pour plus de violence au lieu qu'elles calment les esprits. Certaines déclarations feraient croire que les autorités ne considèrent pas les difficultés des gens ou ne prennent pas leurs responsabilités, et qu'il n'existe aucun plan ou volonté politique. Ce serait mieux pour les autorités de prendre leurs responsabilités au lieu de décourager la population.
- Justice et Paix dénonce et lutte contre la détention préventive prolongée. La Commission assiste un nombre de victimes. Mais la lutte contre la détention préventive prolongée ne peut se faire de n'importe quelle façon. La détention prolongée ne devrait pas servir de canal pour relâcher des criminels sur base de certaines erreurs techniques dans les dossiers ou suite à des pratiques de corruption.
- Depuis un bon moment on ne parle presque plus du désarmement. Est-ce que le nombre des armes entre les mains des groupes ou civils armés se limiteraient vraiment à quelques centaines ?

Voici quelques propositions et recommandations qui nous réitérons :

1. Des autorités, on attend un comportement et langage responsables qui démontrent leur détermination de gérer les problèmes auxquels la population est confrontée. La cherté de la vie exige des mesures concrètes et efficaces. *La Commission a déjà publié une note sur la cherté de la vie en février 2008.*

2. La lutte contre la cherté de la vie et l'insécurité ne peut rester au niveau de déclarations mais doit se traduire dans de vraies stratégies et une politique nationale dont les retombés se font sentir dans la vie concrète des gens.
3. Les jeunes et enfants méritent une attention spéciale. Trop de jeunes sont en chômage et ne réussissent pas à faire valoir leurs talents, ce qui les rend vulnérables et maniables pour commettre de forfaits.
4. Faute de justice sociale, la situation du pays devient plus grave chaque jour. Il faut un équilibre réel entre classes et secteurs sociaux. Il faut plus de respect pour les plus pauvres et leurs droits. Il faut une vie digne pour tous et toutes. La misère criante face à la richesse, le gaspillage des nantis et la corruption est déjà une forme de violence en elle-même. Elle est une source de frustration, même s'il ne devrait pas servir de prétexte pour des actes de violence qui n'aboutissent pas, elle crée un climat propice à ceux-ci.
5. Plus de transparence est requise dans le cas de relâchement de détenus dans le cadre de la lutte contre la détention préventive prolongée.
6. Le trafic routier fait plus de victimes ces derniers temps. Les chauffeurs doivent se sentir responsables de la vie des autres : piétons et passagers ; ils sont responsables des autres. Il est temps que la police reprenne les inspections des véhicules comme un service réel à la société, sans corruption et tromperies, sans qu'elle devienne un nouveau prétexte d'extorsion d'une population est déjà au bout de souffle.
7. Nous ne pouvons oublier les victimes de catastrophes écologiques du passé. La saison pluvieuse qui s'annonce deviendra une menace pour la population si rien de substantiel n'est fait pour protéger les populations des quartiers populaires dans les mornes ou au bord de mer où toute l'eau de la capitale doit évacuer.

Le 3 avril, la Commission aussi a fait souvenir de J.L. Dominique et son agent de sécurité Jean Claude Louissaint. La liste des cas d'impunité s'allonge chaque jour. La Justice ne donne pas preuve de vouloir combattre l'impunité et l'insécurité. Il y a trop de verbalisme. La Police ne peut pas demander à la population de collaborer, pour en même ceux et celles qui portent plaintes doivent constater qu'aucune action n'est entreprise suite à leur plainte, qu'aucun signalement n'est transmis, que les personnes arrêtées n'y sont pour rien, et que les coupables connus restent en liberté.

Les Commissions Justice et Paix de la zone de Port-au-Prince saluent encore une fois les efforts entrepris pour créer un climat de sécurité dans le pays, même si c'est avec beaucoup d'hésitations. Nous saluons les efforts de la Police Nationale. Nous saluons les efforts entrepris dans les quartiers populaires, des efforts souvent méconnus par la grande société, mais qui permettent au pays de faire un pas. Le chemin est encore long. La lutte contre la corruption et l'impunité, contre l'exclusion et la marginalisation, pour la justice et la vérité vient de commencer.

Pour le Comité Directeur de la Commission archidiocésaine et de la Commission nationale.

Djimmps Gilles
Secrétaire général Justice et Paix Port-au-Prince

P. Jan Hanssens
Directeur national

Port-au-Prince, 15 avril 2008

**Tablo vyolans sou zòn metwopolitèn nan
Pou mwa janvye 2008**

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou viktim yo	Ki Kote, zòn, Katye	Esplikasyon nou ranmase sou evènman an
Mèkredi 1 janvye 2008, 1 : 00 AM.	7moun, manm legliz pami yo: yon manman ak pitit fi li.	Petyonvil, ri Pànamerikèn.	Yo t ap sòti legliz, lè yon machin ki te pèdi fren pase pran yo. Yo mouri lapoula. Yo te pote plizyè lòt ki te blese nan lopital.
Mèkredi 1 janvye 2008, nan aswè	2 moun : Nacius François, ak Maxilien	Delma, Dèlma 75, ri Fosten 1ye.	Yo se de travayè. Vòlò antre lakay yo epi touye yo ak bal.
Jedi 3 janvye 2008, nan lajounen.	Charles André, 33 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral. Li te fè pati Baz Kapab.
Jedi 3 janvye 2008, nan lajounen	Diberus Franck François, 35 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens, yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Dimanch 6 janvye 2008, nan apre midi.	Nènè alyas Tilikou	Pòtoprens, Boulva Lasalin	Dapre temwayaj moun nan zòn nan, li te manm gang Komandan Billy. Yon depòte touye l ak plizyè bal pou anpeche li retounen nan zòn nan.
Dimanch 6 janvye 2008, nan lajounen.	Mesidor Milsoit, 36 lane	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te pote l nan mòg lopital jeneral.
Madi 8 janvye 2008, 7 : 00 PM.	Belourdy Dumornay, 29 lane	Pòtoprens, riyèl Rivyè, Bwa Vèna.	Li mouri ak plizyè bal nan machin li ki gen nimewo AA 08657. Bandi ki te sou moto ta fè zak sila a.
Madi 8 janvye 2008, nan apre midi.	Saint Jacques Janel	Pòtoprens, Bisantnè, zòn Vilaj de Dye.	Li mouri nan echanj kout zam ak lapolis, nan moman li t ap dechèpye machin ansanm ak akolit li. Lòt yo te sove.
Mèkredi 9 janvye 2008, nan lajounen.	Sadrac Jean, Etidyan jeni sivil nan inivèsite Lekont.	Pòtoprens, avni Chili, zòn plas Jeremi.	Bandi yo pa rive idantifye touye l ak plizyè bal devan fakilte a kote li t ap etidye.
Jedi 10 janvye 2008, nan lajounen	Azor Cledy, 22 lane	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Vandredi 11 janvye 2008, nan lajounen	Belizaire Dimy, 22 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Dimanch 13 janvye 2008, 10 : 00 AM.	Yon chofé taksi moto.	Delma, zòn Delma 2	Yon bis k ap fè trafik monte sou li. Li mouri lapoula.
Dimanch 13 janvye 2008, nan lapremidi.	Yon mizisyen bann	Petyonvil, zòn Monchiz.	Li bwè kleren, jous li sou. Yon machin pase sou li. Li mouri lapoula.
Lendi 14 janvye 2008, nan lajounen.	Cajuste Luckner, 35 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Lendi 14 janvye 2008, nan lajounen.	Cesar Lafrance, Yon fanm	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.

Madi 15 janvye 2008, nan lajounen.	Cadet Jean, 41 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 15 janvye 2008, 4 : 00 PM.	Yon mekanisyen.	Pòtoprens, ri Fleri Batye, zòn Pòtay Leyogan.	Pandan l ap ranje yon machin, li kouche anba l. Yon kamyon antre sou li atè a, e li mouri lapoula.
Jedi 17 janvye 2008, nan lajounen.	Viltrema Celestin, 42 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te pote l nan mòg lopital jeneral.
Samdi 19 janvye 2008, nan lajounen.	Abcena Matès Guenille.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Samdi 19 janvye 2008, nan lajounen.	2 moun : Alain prophète ak yon machann.	Pòtoprens, zòn mache Kwa Bosal	Yon kòmando ame ki t ap tire touye yo ak bal.
Lendi 21 janvye 2008, nan lajounen.	St Jude Claude Herold, yon polisye 19yèm pwomosyon	Kwadèboukè Meyè, zòn Kwadèboukè.	Yo t ap fè patwouj nan zòn nan sou moto, lè yon bèt vin janbe lari a e al frape l. Li mouri lapoula, apre, yo pote kamarad la lopital.
Lendi 21 janvye 2008, nan lajounen.	St Juste Claude Herold, 22 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Lendi 21 janvye 2008, nan lajounen.	Alliance Junior, 37 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Vandredi 25 pou rive samdi 26 janvye 2008.	Yon timoun. Yo pa konn si se gason oswa fi.	Pòtoprens, ri Dewou, tou pre baryè estad la.	Yo jwenn ti kadav li la ; yon moso manke ladan l. San lòt esplikasyon.
Samdi 26 janvye 2008, nan lajounen.	3 moun: pami yo yon fanm	Pòtoprens, mache Kwabosal.	Vòlò ki t ap dechèpiye moun, touye yo ak bal.
Dimanch 27 janvye 2008, nan aswè.	Michael Kenol	Pòtoprens, anba lavil	Moun yo pa idantifye pouse l anba yon machin. Li t al mouri nan yon lopital prive.
Madi 29 janvye 2008, nan lajounen.	Néré Lestin; 51 lane	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 29 janvye 2008, nan lajounen.	Paul Micheline, yon fanm.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 29 janvye 2008, nan lajounen.	Thélusma Verlet..	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 29 janvye 2008, nan lajounen.	Pierre Norélia yon fanm.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Jedi 31 janvye 2008, nan lajounen.	David, yon ti gason 12 lane.	Pòtoprens, ri di Pèp.	Li mouri, nan moman lapolis t ap chanje kout zam ak bandi vòlò.
Total	41 Viktim		

**Tablo vyolans sou zòn metwopolitèn nan
Pou mwa fevriye 2008**

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou viktim yo	Ki kote, ki zòn, ki katye	Esplikasyon nou ranmase sou evènman an
Vandredi 1ye fevriye 2008, nan lajounen.	Djefline, 14 lane	Pòtoprens, antre mache Salomon, zòn katye jeneral Rilaks Benn.	Li t ap vann pou manman l, lè vòlò t ap tire pou dechèpiye moun. Li pran bal, e li mouri lapoula.
Samdi 2 fevriye 2008, nan lajounen.	Paraison Lyndi.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Samdi 2 fevriye 2008, nan lajounen.	Prévenet Roche.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Samdi 2 fevriye 2008, nan lajounen.	Buissereth Magdala, 26 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Lendi 4 fevriye 2008, 3: 00 PM.	Yon moun yo rekonèt nan zòn nan.	Pòtoprens, Wout Nazon.	Nan moman yon ekip moun t ap soti nan kanaval, yon Pikòp Nisan antre sou yo. Yon moun te mouri lapoula e yo pote lòt yo lopital. Chofè Nissan nan te sove.
Lendi 4 fevriye 2008, nan lajounen.	Valdemar Eddy	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 5 fevriye 2008, nan lajounen.	2 moun : Yon machann pèpè ak yon jèn gason.	Pòtoprens, zòn mache Kwabosal.	Nan moman vòlò t ap dechèpiye moun, yo mouri ak bal.
Madi 5 fevriye 2008, nan lajounen.	Lapeine Lautin.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 5 fevriye 2008, 3 : 00 PM.	10 moun: Ladan yo 4 fanm youn rele Alourde, yon machann sirèt.	Pòtoprens, 1ye avni Bòlòs.	Yon bis trafik Kafou Fèy, pèdi fren nan mòn nan. 4 moun te mouri lapoula ladan yo yon machan sirèt. Lòt moun yo ta l mouri nan lopital. Timoun ak plizyè lòt moun te blese.
Madi 5 fevriye 2008, 2 : 00 AM.	Yon jèn gason, moun zòn nan	Petyonvil, mòn Kafou Mizo.	Li te sot nan kanaval lè yon machin pikòp pedi fren nan mòn nan. Li t al kore l nan yon pye bwa. Viktim nan mouri lapoula.
Mèkredi 5 fevriye 2008, nan lajounen	Bernier Harrys	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 5 fevriye 2008 nan lajounen.	Wiltès Joseph Yon anlwaye BRH	Taba Zòn Tòsèl	Li mouri ak bal bandi kidnapè, nan moman li t al vizite chantye kay li. Kidnapè yo tire l poutèt li wè yo te fè kay li tounen yon baz pou sere moun.
Mèkredi 6 fevriye 2008, nan lajounen.	Saint Marie Luzette, yon fanm.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Jedi 7 fevriye 2008, 11 : 00 PM.	2 moun : Moïse Calixte, yon ajan sekirite ak yon bandi.	Pòtoprens, Ri di Sant	3 bandi antre andedan yon magazen. Yo tire sekirite a. Lapolis fè afwontman ak yo. Youn mouri lapoula, lòt yo te sove. Yon machàn pèpè te blese gravman grav.

Jedi 7 fevriye 2008, nan lajounen.	Batispte Nadège, yon jèn fi, 19 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens Yo transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Mèkredi 8 fevriye 2008, nan lajounen.	Ernst François	Pòtoprens, zòn katedral	André ak Ernst se te de zanmi ki t ap travay nan menm kwafè, jouk Ernst al fè kwafè pa li. Lè kliyan André al jwenn li, jalouzi pran l e li pike l ak yon tounvis. Li mouri nan moman yo t ap mennen l lopital.
Nan lannuit 9 pou rive 10 fevriye 2008.	4 moun : Joel, Rosita, yon jèn fi 20 lane ak yon jèn gason.	Petyonvil, zòn Fèmat.	Bandi ak ak zam yo pa idantifye touye yo ak bal. Pa gen lòt detay.
Dimanch 10 fevriye 2008,	Mézile Dimitray, 24 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri asasinan ak kouto. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Lendi 11 fevriye 2008, nan aswè.	3 moun: Ladan yo Joseph Chérlilien, 28 lane alyas Amokachi.	Site Solèy, zòn Solèy 15 - 14, zòn plas la.	Daprè yon seri temwayaj, jèn gason sa yo mouri rache, sou akizasyon yo se bandi.
Vandredi 15 fevriye 2008, nan lajounen.	François Nadège, yon jèn fi.	Pòtoprens, Lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Dimanch 17 fevriye 2008, nan lajounen.	Bresil Herold	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 18 fevriye 2008, nan aswè.	Patrick Jean François, 24 lane	Site Solèy.	Lapolis arete l nan mwa avril 2007 pou asosyasyon malfektè ak kidnapin. Pakè a te lage l 7 novanm. Yo akize l nan anlèyman gitaris Claude Marcelin, jou ki te 27 Janvyè 2008. Lè lapolis vin pou arete l, li mouri nan echanj kout zam ak lapolis.
Dimanch 24 fevriye 2008, nan lajounen.	Senat Marc Ilan, 23 lane.	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens, yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Lendi 25 fevriye 2008, 4:00 PM.	Yon fanm	Pòtoprens, Matisan 23, zòn bò lanmè.	Dapre yon seri temwayaj, se achte li ta pral achte komès bandi rache l ak kout manchèt.
Lendi 25 fevriye 2008, 11: 30 AM	Djo		Li mouri ak bal, nan moman li t ap tante fè yon kidnapin ak yon lòt zanmi ki rele Ricardo
Lendi 25 fevriye 2008	Senat Jean Joseph, 28 lane.	Pòtoprens, ri Timas	Bandi yo pa idantifye touye l ak plizyè bal, san lòt esplikasyon.
Vandredi 29 fevriye 2008, 8 : 00 PM.	Yon ti gason ,12 lane.	Pòtoprens, Matisan 25, zòn Palmera Makèt.	Zam sekirite makèt la deklache sanzatan. Bal la pran li nan tèt.
Total	43 viktim		

**Tablo vyolans sou zòn metwopolitèn nan
Pou mwa mas 2008**

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou viktim yo	Ki kote, ki zòn, ki katye	Esplikasyon nou ranmase sou evènman an
Madi 4 mas 2008, nan lajounen	Exantus Papouche, 23 lane	Pòtoprens, Lopital jeneral	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 4 mas 2008, nan lajounen.	Bazile Senork, 31 lane.	Pòtoprens, Vilaj de Dye.	Popilasyon an touye l ak kout wòch, sou etikèt bandi.
Mèkredi 5 mas 2008, 8: 00 PM.	Yon jèn gason.	Pòtoprens, riyèl Sent Benadèt, zòn Dekat.	Bandi yo pa rive idantifye touye l ak plizyè bal.
Vandredi 7 mas 2008, nan lajounen.	Yon pèsanaj.	Kwadèboukè, Zòn Sibè.	Li t ap vann bannann ak pòm detè. Bandi yo pa rive idantifye tire l ak bal nan tèt. Bandi yo t ale ak pantalon ki te sou viktim nan.
Samdi 8 mas 2008, nan lajounen.	Joseph Gerald, 26 lane.	Pòtoprens, lopital jeneral.	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Lendi 10 mas 2008, nan lajounen.	Jeanty Michelet, 52 lane.	Pòtoprens, lopital jeneral.	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Lendi 10 mas 2008, nan lajounen.	Yon jèn gason.	Pòtoprens, Fontamara 27, zòn anba Mapou.	Bandi yo pa rive idantifye touye l ak plizyè bal.
Mekredi 12 mas 2008, nan lajounen.	Jean Louis Juromène, yon fanm.	Pòtoprens, lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Jedi 13 mas 2008, 4 : 00 PM.	Emmanuel Jean.	Pòtoprens, Zòn ravin Pentad.	Aprè yon istwa damou sou televizyon, vin gen bouch louvri ak goumen ant yon fanm ak yon gason. Fanm nan pran yon kouto e li pike viktim nan. Li mouri pandan yo pote l lopital.
Vandredi 14 mas 2008	Jean Marie Romain	Petyonvil, zòn Pèleren 3.	Bandi yo pa rive idantifye tire l ak yon bal nan kou, nan moman li t ap antre lakay li.
Jedi 20 mas 2008, nan lajounen.	Jean Gilles Benijeau.	Pòtoprens, lopital jeneral.	Li mouri nan aksidan machin nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Jedi 20 mas 2008, nan lajounen.	Nordelus Mario.	Pòtoprens, lopital jeneral.	Li mouri nan dife nan yon kay Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Dimanche 23 mas 2008, nan lajounen.	Stimphil John Nelson.	Pòtoprens, lopital jeneral.	Li mouri ak bal nan lari Pòtoprens. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Madi 25 mas 2008, nan lajounen	Yon fanm, komèsant	Pòtoprens, ri Dèzeza.	Bandi yo pa rive idantifye touye l ak bal.
Madi 25 mas 2008, nan aswè.	Yon gadyen lakou	Petyonvil, zòn Pèleren 3.	Bandi kidnapè antre lakay fanmi sa a, yo matirize plizyè moun, yo tire gadyen an ak bal. Apre yon ti tan, yo kidnape madanm mèt kay la.
Lendi 31 mas 2008, 3: 00 PM	4 moun: ladan yo 3 fanm.	Pòtoprens, Zòn mache Kwabosal.	Vòlò t ap dechèpiye moun e touye yo ak bal.
Total	19 viktim		